Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 46 (6393) 27 октябрь 2014 с. Итни МухIаррам 1436 с. Багьа 5 гъур.

АРАЛДА ТУМАНКI РЕЧIЧIАНИ…

## Баркула цIияб 1436 сон!

**МухIаррам моцIалъул хиралъи**

Хириял вацал ва яцал, ракI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб гьижрияб цIияб 1436 сон! Аллагьас араб соналъ нилъер ккаралщинал мунагьал чураги, бачIунеб сон сахлъи гьарзаяб, талихIаб, хIарамалдаса рикIкIалъараб, гIибадаталда даимлъараб, Аллагьасде ракI гьетIараб батаги! Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги битIараб нух ккезе. Амин!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер М. МухIамадгIалиев,**
**Райадминистрациялъул бетIер ГI. ГIабдулкъадиров**

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

## Дагьал кепкал анищ ашбаз рагьизе

**Гумбет районалъул администрациялъул данделъиялда базарганлъи цебетIезабиялъул бицана**

**23 октябралда маданиябгун сахгьариялъул кIалгIаялъул залалда тIобитIана райдминистрациялъул коллегиялъул заседание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна росабазул администрациязул бутIруз, учреждениязул, организациязул нухмалъулез, цо-цо предпринимателаз.**

### Ункънусго базарганасе щивасе – 58 000 гъурущ

Заседание рагьана райадминистрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас** ва гIахьаллъаразе баян гьабуна гьениб гьоркьоб «ГьитIинаб предпринимательлъиялъул бугеб хIал ва гьеб хадубккунги цебетIеялъе гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ» суал лъолеб бугилан. Гьеб суалалда тIасан доклад гьабизе рагIи кьуна райадминистрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаевасе** (доклад хадусеб номералда кьела, иншаАллагь, - ред. баян).

Докладалда тIасан кIалъазе вахъарав гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев **Муслим ГIабдурахIмановас** абуна:

-Гумбеталда фабрик-заводги гьечIелъул, гьитIинаб предпринимательлъи цебетIезаби кIвар бугеб масъала ккола. Бегьула гьединаб даран-базар рагьизе батIи-батIиял хъулухъал гьаризе, бакIал разе, росдал магIишаталъул бутIаби церетIезаризе. ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централдасан 400-гIан байбихьулел предпринимателазе щивасе 58 азарго гъурущ кьуна. Амма цо-цояз гьеб жидеего бокьаралъубе харж гьабун батана ва тамихIал гьаруна. ГьитIинаб предпринимательлъи цебетIезабизелъун хIукуматалъ биччараб гIарац гьеб мурадалъе гурони харж гьабизе бегьуларо.

Предпринимательлъиялъул хIаракатчилъи цебетIезе рес буго гьединго, парикмахераллъун, шофераллъун, махх регъолел чагIилъун, ратIлил устарзабилъун ва цогидалги махщалилаллъун рахъине цIализе ани. Централдасан чIорого цIализе ритIун 57 махщалилав вачIана, гьедин ине бокьарал рачIине бегьула нижехъе. Киназего столалда нахъа гIодор чIун хIалтIулеб бакI щоларо, цо кинаб бугониги махщел щвани, гIолохъанаб гIелалда ракIалда бухIиларо.



### Росдал магIишат, цIулал устарлъи, кор…

Росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев **Ибрагьим Ибрагьимовас** жиндирго кIалъаялда бицана ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ хасал программаби хIадурун ругин ахихъанлъи, гIи-боцIухъанлъи, хурухъанлъи церетIезариялъе ва гьел гIумруялде рахъинари СПКязулги, КФХязулги, ОООязулги, гьитIинаб предпринимательлъи гьабулезулги жавабияб масъала кколилан. ТIадчIей гьабуна магIишатазда бугеб хIалалда, бицана «Иш байбихьулев фермер» конкурсалда гIахьаллъун грантал араб соналъ цо, гьаб соналъ кIиго чиясе щвеялъул, «Хъизаналъулаб ферма» конкурсалда цониги чи гIахьаллъичIолъиялъул, ахал гIезарун, гьезие хъулухъ гьабун, субсидия кьезе букIиналъул.

«Сельсовет «Игалинский»» МОялъул администрациялъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас** рехсана жидер администрациялде кколел росабалъ 198 гектаралда куракул ахал ругин, 17 гектаралда гьел цIигьарун къачIанин, 1,5 гектаралда цIияб ах чIанин.

Росабалъ 30 тукен, 15 гIаммаб квана-гьекъеялъул бакI, пластикаялъул гордал гьарулеб 3 цех, бакIал раялъул материал бичулеб биржа бугин, гIадамазе хъулухъалъе, бакIал раялъе, пихъил сокал гьарулеб цех, гIанкIабазул фабрика рагьиялъе хIалтIи гьабизе бугин, КФХязул, ОООязул, гьитIинаб предпринимательлъиялъул хайир буголъи борхизабиялде кIвар кьезе бугин абуна гьес.

(Ахир-лъабабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Къараб атомги рагьун, угьди буго ургъулеб…
- 2 гьум.



ЧIикь хасел чIеялде къачIалеб буго
- 2 гьум.



Данхъал «ГIалхулаб дивизиялда»
- 3 гьум.



ГIабасил МухIамад, ХIикматаб дур хатI ХутIила гIасрабаз МагIарулалгун
- 4 гьум.

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# Къараб атомги рагьун, угьди буго ургъулеб...

### Атомалъул балагьгун къеркьарал бакълъулал

**1986 соналъул 26 апрелалда Чернобылалъул атомалъул электростанциялда кьвагьи ккедал, нилъер улкаялъул киналгоязде гIагарун регионазда ритIана, гьезда гьараб бакIалъул зарал хадубккун букIинаредухъ, гьенир батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе гIадамал. Нилъер районалдаса Чернобылалде ккаразул цо-цоял гIумруялдаса ратIалъана, радиациялъ черхалъе зарал гьабичIого хутIичIо.**

1957 соналъул 29 сентябралда Челябинск шагьаралда гIагарлъухъги ккун букIана атомалъул хутIелал цIунулеб бакIалда кьвагьи. СССРалъул тIоцебесеб атомалъул бомба гьабураб «Маяк» комбинаталъул цо блок щущан ун букIана доба. Маякалъулалин абула гьениб зараралдаса цIунизелъун хIалтIи гьабуразда. Советияб Армиялда хьулухъ гьабулел рукIарал нилъер районалдаса гIолилал ккана гьенире. ГьабсагIат районалда гIумру гьабулел маякалъулал ккола МельелтIаса **УхIуматIамин Чупалаев, ХIажи Назиров,** Щабдухъа **Мирзабег ГIубайдулаев.**

Чернобылалъулал ккола МельелтIаса **Гьимат МухIамадов, Загъалав Загъалаев,** ЧIиркъатIаса **МухIамад СагIадулаев,** ЦIиликьа **ГIабдулманап ГIадилгереев.** Гьездаго гьоркьое ккола чернобылалъуласул къоролай **Зайнап Гьиматова.**

Маякалъулал ва чернобылалъулал щиб тIалаб-агъазалъ сверун ккун ругелан «Гумбет» газеталъул хIалтIухъан **Къурмагъиз ХIадисовалъ** цIехана социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул управлениялъул хIалтIухъабазда.

Гумбет районалъул администрациялъул УСЗНалъул специалист **Мурадбег ГIабдурахIмановас** гьадин бицана: - Маякалъулазда ва чернобылалъулазда гьоркьор руго батIи-батIиял хъулухъал, квербакъи щолел гIадамал. Инвалидаллъун рахъаразе щолел бигьалъаби цIикIкIун рукIуна. Кьола щибаб моцIалъ квание, гьединго - сахлъиялъе ккараб заралалъе гIоло, лъагIалида жаниб цо нухалъ сахлъи щула гьабиялъе гIарац. Руго гьоркьор коммуналиял хъулухъал щолелги. Гьезие щибаб моцIалъ токалъухъ, газалъухъ, лъагIалида жаниб цо нухалъ тIурччи-цIулалъухъ гIарац кьола.

Жанир яшав гьабизе мина гьечIезе, санагIатал рукъзабахъ яшав гьабун гьечIезе кумек щоларищан гьикъидал, Мурадбегица абуна цо чернобылалъуласе мина босизе сертификат щванилан, гIарзагун рачIарал цогидазул материал хIадурулеб бугилан.

**«Гумбет» РИО**

ШАГЬРИ-КАГЪАТАЛДЕ УГЬИЗИН ХIУХЬЕЛ

# Билил гьундухъ буго дунялго гвангъун...

### ЦIаналъ ва ХъахIабросдал школазул къецал

**16 октябралда ХъахIабросулъ тIобитIана Дагъистаналъул адабияталъул классик МахIмуд гьавуралдаса 140 сон тIубаялъул хIурматалда ЦIаналъ аслияб школалъул ва ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалъул учительзабазул ва цIалдохъабазул цадахъаб тадбир.**

Гьелде хIадурлъи гьабуна кIиябго школалъул дирекциялъ ва авар мацIалъул учительзаби ХъахIабросулъа **Кумсият МутIалимовалъ** ва ЦIаналъа **АхIмад СагIадулаевас.** Тадбир нухда бачана ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель **МухIамад МухIамадовас.**

«МахIмудил гIумруялъул цIиял тIанчал» абураб темаялда кIалъай гьабуна ХъахIабросдал гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул учитель **Кумсият МутIалимовалъ.** «ГIажаибав шагIир ва гьесул гьудулзаби» абураб темаялда кIалъай гьабуна ЦIаналъ аслияб школалъул учитель **АхIмад СагIадулаевас.**

Лъималазда гьоркьор тIоритIана МахIмудил кучIдул пасихIго цIалиялъул къецал.

ХIасилал гьадинал ккана. ЦIаналъ школалъул цIалдохъаби:

ТIоцебесеб бакI - **ГIабдурахIманова Марям** (9 класс).

КIиабилеб бакI - **СагIадулаева ПатIимат** (6 класс).

Лъабабилеб бакI - **МухIамадсагIидова Зульфия** (9 класс).

ХъахIабросдал школалъул цIалдохъаби:

ТIоцебесеб бакI - **ХIусенова Саида** (8 класс).



КIиабилеб бакI- **МухIамадова Зубайда** (9 класс).

Лъабабилеб бакI –**МухIамадова ХIалимат** (5 класс).

Бергьаразе грамотаби, сайгъатал ва МахIмудил цIиял тIахьал кьуна школазул директорзаби **С. МутагIиловас ва М. МухIамадовас.**

«Лъалищ нужеда МахIмудил асарал?» абураб викторинаялда бергьана ЦIаналъ школалъул цIалдохъаби. Лъимал ва учительзаби хIайран гьаруна ХъахIабросдал школалъул цIалдохъабаз Расул ХIамзатовасул асараздасан гIуцIараб МахIмудил хIакъалъулъ сценкаялъ ва «Бакъан тIаме, дир пандур» абураб республикаялъулаб фестивалалда гIахьаллъарай **Джамиля ХIажиевалъ** МахIмудил рагIабазда ахIараб кечIалъ.

Хадур цIалдохъабиги учительзабиги щвана МахIмудил хабаде ва гьесул музеялде.

ТIоритIана торгIо хIаялъул къецалги. Васазда гьоркьоб бергьенлъи босана ХъахIабросдал школалъул командаялъ, ясазда гьоркьоб бергьана ЦIаналъ школалъул команда.

Бокьун буго гьабураб дандчIваялъухъ ва гIаданлъиялъухъ ХъахIабросдал школалъул коллективалъе, дирекциялъе, музеялъул хIалтIухъабазе ракIракIалъулаб баркала кьезе.

**ЦIаналъ аслияб школалъул мугIалимзаби ва цIалдохъаби**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЧIикь хасел чIеялде къачIалеб буго

### Километр рогIразул ва 40 метр къадал

**ЧIикь росдал администрациялъги гьарулел руго гIезегIан хIалтIаби росдал гIадамазул яшав, рукIа-рахьин рорхизариялде руссарал. Хасел тIаде щолеб букIин хIисабалдеги босун, ремонталъулал хIалтIаби гьарулел руго лъел мухъазда.**

Цо километралъул манзилалда рогIрал, тIад стекловатаги жемун, лъолел руго ракьулъ, хасало цIороларедухъ. Гьеб хIалтIи гьабулеб буго ракIбацIцIадго ва кIудияб гьираялда **Набигулаев МухIамадицаги НурмухIамадов МухIамадсайгидицаги.**

Росдал бегавул **Гьайрбег ГIалиасхIабовас** бицана росулъ жанисан ругел нухал гIатIид гьарулел ругилан: «Нухлул рагIалдасан кьадал гьабсагIат гьарулел руго 40 метралъул халалъиялда. Бетон тIун, къачIан руго росулъ нухал, школалъул кьватI хутIизегIан, гьал къоязда гьенирeги щвезе руго хIалтIухъаби, гьелъие биччараб гIарацги буго, гьеб лъугIизабизе ракIалда буго. МагIарде унел нухаздаги гьарун руго исана ремонталъулал хIалтIаби, хIалухъин рокъобе баччизе щибго квал-квал гьечIеб хIалалъ».



Щибаб росдал щибаб идараялъул масъала кола, цIорой рехилелде, къиндалил ахIвал-хIалалде рукIарахъиналъул бакIал хIадур гьари, Россиялда ругьунаб куцалда, «тохлъукьего» хасел рещтIинчIого букIине.

**Исрапил Заирбегов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарихчи

### Подписка-2015

**ХIурматиял районцоял! Байбихьун буго 2015 соналъе «Гумбет» газеталъе подписка гьабулеб гIуж. Гьеб гьабизе бегьула почалъул отделениялдаги, редакциялдаги.**




Араб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIелалдасаго Россиялдаго газет-журналазул багьа лъикIаланго цIикIкIинабун буго. Гьездаго гьоркьоб нилъер районалъул газеталъулги цIикIкIана багьа кIигоялдасаги цIикIкIун нухалъ. Дагъистаналда бугеб УФПСалъги борхизабулеб буго газета баччаралъухъ гIарац, гьелда бан, цIикIкIунеб буго подпискаялъул багьаги.

Почалъул отделениялдасан хьван, райгазеталъул багьа буго: лъагIалие - 243,72 гъурущ, бащдаб лъагIалие -121,86 гъурущ. Редакциялдасан щвезабизелъун хьвараз бащдаб лъагIалие - 80 гъурущ, лъагIалие - 160 гъурущ кьезе ккола. Нужеего бокьараб нух тIаса бищизе рес буго, амма нилъерго районалъул гIумру лъазе газета хьвани, лъикIаб букIина.

**Редколлегия**

НАРОД, КОТОРЫЙ НЕ ЖЕЛАЕТ КОРМИТЬ СВОЮ АРМИЮ, БУДЕТ КОРМИТЬ ЧУЖУЮ

# Служить бы рад...

### Родина-мать зовет

**Проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту в воинские части Черноморского флота из числа граждан, прошедших и не проходивших военную службу по любым ВУС (военно-учетным специальностям).**

г. Севастополь: в/ч-13140, 42948, 40136;

г. Симферополь: в/ч-87714, обр. ОБ;

По вопросам поступления обращаться в отдел ВК РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам, тел.:(8-279)-2-13-02.

**Арсен Магомедов, начальник отдела ВК РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам**

КВЕРАЛ КЪОТIАНИГИ, КЪАЛИ БАГЪУЛЕБ

# Данхъал «ГIалхулаб дивизиялда»

## Данхъал ва тIоцебесеб дунялалъул рагъ

**1914 соналъул 15 июлалда байбихьана тIоцебесеб дунялалъул рагъ. Гьеб рагъде, жиндирго хасаб мурадгун, гъорлъе лъугьана Россияги. Амма рагъул тIоцересел къоялдаго пачаясда ва гьесул сверухълъиялда бичIчIана, лъикIго яргъид хьарал, лъикIаб рагъулаб хIадурлъи бугел Австро-Венгриялъул аскаралгун рагъун бажарилареблъи.**

### Антанта ва «ГIалхулаб дивизия»

Гьеле гьеб мехалъ, гIурус армиялъул бетIер пача **Николай II-лес** буюрухъ кьола рагъде битIизе хасаб Кавказалъул рекIаразул дивизия гIуцIизе, жибги анлъго полкалдасан (кабардиназул, дагъистаниязул, чачаназул, ингушазул, татаразул, черкессазул) данде гьабураб. Гьеб дивизиялъул хIакъалъулъ **ХIажимурад Доногъоца** хъвалеб буго: « Гьеб букIана гIуцIиялъул рахъалъ гIажаибаб, гIемер миллатазул гIадамаздасан данделъараб, рагъулаб вацIлъиялъул рекIарал ва офицерал гъорлъ ругеб, Россиялъул армиялъул чIухIилъун кколеб рагъулаб цолъи. Гьеб дивизиялъул тарихалда ккечIо рокъоре цонигиял лъутиялъул хIужа», - абун.

Гьебго дивизиялъул хIакъалъул **Лев Николаевич Толстоясул** вас **Илья Львович Толстояс** жиндирго «БагIарал башлихъал» абураб очеркалда хъвалеб буго: «Кавказалдаса рекIаразул дивизиялъулгун дир тIоцебе лъай-хъвай ккана Львовалда, корпусалъул командирас гьелъул халгьабулеб мехалда. Гьеб букIана шагьаралда бакьулъ, лъикIаблъун рикIкIунеб отелалда аскIоб, къад сагIат 12-ялда, кIудияб шагьаралъул къватIахъ халкъ гIемерлъараб заманалда. Чуяздаги рекIун, полкалъулал унел рукIана цоязда хадур цоял гьарун. Цояздаса цоял берцинал гьезда хадур балагьаразе гIажаибаб асар гьабулеб букIана», - абун.



Бихьулищ гIурусазул хъвадарухъанасул васас гьеб «Кавказалъул рекIаразул дивизиялъе» кьолеб тIадегIанаб къимат. БитIахъе чIухIизе ва рохизе бачIунеб гьечIищ гьелдаса. ЧIухIичIогоги кинан рукIинел, гьеб дивизиялде гьоркьобе унеб Дагъистаналъул полкалда нижер Данухъ росулъа бихьинагзи хъулухъ гьабун бугеб мехалъ. Амма гьелъул хIакъалъулъ хъвалелде дие бокьун буго гьеб дивизиялъул хIакъалъулъ дагьабги гIатIидго бицине.

### КIал ккун ва хIатIида гIицIго багъулеб дивизия

Гьеб дивизия тIоцебе рагъде лъугьиналъул хIакъалъулъ XI. Доногъоца хъвалеб буго: «Кавказалъул рекIаразул дивизия багъана цин Югалъулабгун БакътIерхъул микьабилеб, хадуб ичIабилеб армиялда гъорлъ. 1915 соналъул февралалде щвезегIан гьелъул полказ гьаруна захIматал рагъал Карпаталъул мугIрузда ва расалъабазда. Кавказалъул полказ намус бацIцIадго тIубазабулеб буго рагъулаб масъала, гьел ругеб бакIалдасан тушман цевехун инчIо, гьел тIаде кIанцIараб бакIалда тушбаби щущахъ риххизаруна», - йилан.

Гьебго дивизиялъулва гьелда гъорлъе унеб Дагъистаналъул ва кабардиназул рекIаразул полказул хIакъалъулъ пачаясул вац Михаил Александровичасухъе полковник Воронцов-Дашковас хъвалеб буго: «Хасаб разилъиялдалъун рихьизаризе ккола полказул бахIарчиял ишал. Чвахун цIадаз риччарал, тIубараб сордоялъ рагъулел, ункъо къоялъ тIатIалаго кIалал ккурал рекIарал, биччараб, хьещтIолеб ракьалдасан церехун уна гуллил цIадалда гьоркь ва тушманас гьезул кьеркьей хIехьолеб гьечIо. Цо-цо рекIараз-дагъистанияз, тIаде кIанцIи хехго гьабизелъун, хьитал рахъулаан ва гьужумалъ хIатIида гIицIго рекерулаан», - абун.

Гьебго дивизиялъул хIакъалъулъ Брешко-Брешковскиясги хъвалеб буго кавказалъулазул рагъулаб формаялъцин тушманасулъ бихха-хочи багъаризабулаанилан.

«ГIалхулаб дивизияйилан» абулеб букIун буго гьезда гIурусаз. «Къохьол тахтабазул тIагърал лъурал шайтIаби», - ян абулеб букIун буго австрийцаз. Гьел рачIунел рихьарабго, битIахъе тIури щолеб букIун буго австрийцазда.

### ХъахIабросулъа МахIмудги щуго данухъевги

Гьеле гьединаб, тушбабазцин тIадегIанаб къимат къураб, бахIарчилъиялъул ва къохIехьеялъул рахъалъ абадиялъго мисаллъун хутIараб гьеб дивизиялъул Дагъистаналъул полкалда хъулухъ гьабулеб букIун буго данухъадерицаги. Биценалда рекъон, гьел ккола **Исубил Дибир, ГIисал Даци, Дадагиши, Давуд, Аминтаза.** Жидедаса мисал босизе мустахIикъал руго гьел. Цогидаб жоялъул бицинчIониги, цебехун рехсохъе, кигIан захIматал рагъулал шартIаздаги ккураб кIал биччан гьечIо гьез. ТIокIабги гIолеб гIелалъе мисал босизе мустахIикъаб щиб букIинеб?

Цойги щибха лъалеб нилъеда Кавказалъул рекIаразул полкалъул хIакъалъулъ? Лъала полкалъул кIадилъун **ХъахIабросулъа МахIмуд** вукIараблъи. Гьесул хIакъалъулъ гIемер бицунеб букIун буго **Исубил Дибирас.** Гьесда **МахIмудил** гIемерал кучIдулги рекIехъе лъалел рукIун руго.

Лъала гьединго гьел рагъда ругебгIан заманалъ гьезие пачаясул хIукуматалъ кьолеб гIарац босизе, гьезул хъизаби Болъихъе унел рукIараблъиги. Лъала полкалда хъулухъ гьабуразул гIемерисезда гIурус ва чачан мацIал лъалел рукIараблъиги. Доб заманалда батIиял мацIал лъалел чагIи цIакъго къанагIат гурони рукIун гьечIо.

Лъала тIоцебесеб дунялалъул рагъул гIахьалчагIазухъе щвезе Данухъе ХъахIабросулъа МахIмуд вачIунеб вукIараблъиги. Амма лъалареб жоги гIемер буго.

**МухIамадмансур МухIамадмансуров, филологиял гIелмабазул кандидат, Данухъ росу**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Анлъго бече тIагIун буго

## Бихьинал, цIуял, хъахIал, багIарал...

**ЛъаратIа росулъа гIадамазул бачал тIагIаралдаса моцIгIан заман буго. КигIан хадур сверун, тIалаб гьабуниги, ратулел гьечIо. Божа-бокьарал, лъале-хъвалезда тIадкъан, цIех-рех гьабуниги, щибго хIасил ккечIо.**

ХIукму ккана райгазеталдасангIаги цIехрех гьабизе, щиб лъалеб, нижее рикъзи батани, гьел кодоре щвезеги бегьула, имангун сабру бергьарав муъминчи гьоркьовги ккун, Аллагьасул хIукмуялдалъун. Гьанир гьоркьехун хъвалел руго тIагIарал бачазул кьер, гIуж.

1) КIиго чIегIераб бихьинбече, кIиялъулго кIиябго гIин, тIогьиса къотIун, нахъа гIарти бахъарал.

2) КIиго цIубече, кIиябго - хъахIаб, цоялъул гIуж - кIиябго гIиналда тIогьиб - чIарикIвекь, цогиялъул гIуж - квегIаб гIин цебеса сураб.

3) Бече, багIаргьинаб, бихьинаб, кIиябго гIин - тIогьиса къотIараб, кваранаб гIин - нахъаса сураб.

4) Бече, бихьинаб, хъахIчараб, квегIаб гIиналда нахъа гIарти бахъараб.

Гьаниб бицен гьабурал хIайваназул цониги гIуж-куц данде кколел бачал ругеб бакI лъани, гьарула ЛъаратIа росдал администрациялде гьаб номералде : 89288754280 яги **Мухтар НурмухIамадовасухъе** ( 89289844939) ахIеян.

Аллагьасул кириги нижер баркалаги камиларо кумек гьабуразе.

# Дагъал кепкал анищ ашбаз рагьизе

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Умумулъаго гIи-боцIухъанлъи цебетIураб бакI букIаниги, ахихъанлъиялдеги ахирият соназ цIикIкIараб кIвар эргъендерица буссинабулеб букIиналъул бицана кIалъазе вахъарав «Сельсовет «Аргванинский»» МОялъул администрациялъул нухмалъулев **Сайпилав МухIамадовас.** Рехсана 5 гектаралда цIияб ах чIанилан. Гьесги **Шамил НурмухIамадовасги** бицана ЦIияб Аргъваниб мебель гьабулеб цехалъе мина бан, оборудование лъун, рагIалде бахъунеб бугин ва кватIичIого хIалтIизе биччалин. Гьениб букIине бугила 10-12 чиясе хIалтIизе бакI, къватIибе биччазе хIисабалде босун буго офисазе мебель ва цогидаби тIагIел-гIучI.

Игьалиса **Ибрагьим ГIабдулвахIидовас** жиндирго кIалъаялда бицана пекарня хIалтIулеб букIиналъул, пихьил нигIматал хIадурулеб цех районалда гьечIолъиялъ, жинца хIисабалде босун букIанин гьеб рагьизе, амма оборудование босизе гIарцулаб кумек хIажат бугин, гьеб мурадалъе харж гьабураб гIарцул бащдаб къадар субсидия хIисабалда 3 соналдасан гурони кьоларин абунин ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялда жиндеян.

### БачIунеб сон – ахихъанлъиялъул сон

Налогазул инспекциялъул нухмалъулей **Асият ГIумарахъаеваль** тIадчIей гьабуна предпринимательзи 50 проценталь налогал кьолел гьечIолъиялда. ХIукуматалъ рахъккун, субсидия щваразецин, гьеб кьолеб гьечIила. ГьитIинаб предпринимательлъи гьабулел бакIал рагьизеян гIарац босаразги, гьеб щвейгун, цо моцIалдего гьел къала, гьединазда ва налогал рецIуларезда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи росабазул бегавулаз гьабизе ккелин абуна гьелъ.

Райадминистрациялъул коллегиялъул заседаниялда гIахьаллъана ва ахиралда, хIасилал гьарун, кIалъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевги.** Гьес тIадчIей гьабуна, росабалъ гIумру гьабулезе пайдаяб рахъги тIаса бищун, предпринимательзи цебетIезабиялде, налогал ракIариялде росабазул бегавулаз кIвар буссинабизе ккеялда. Гьес абуна 2015 сон Дагъистаналъул нухмалъулев **Рамазан ГIабдулатIиповас** ахихъанлъиялъул сонлъун лъазабун бугин, нилъер районалдаги гьеб сон гIуцIа-къан нухда регIиялъе жакъаялдасаго тадбирал гьаризе кколин. Киналго росабазул бегавулазабазухъе тIасияб сон ахихъанлъиялъул сонлъун лъазабун букIиналъул хIакъалъулъ ДРялъул бетIерасул хитIаб бугел кагътал ритIун ругелъул, залалда рукIаразе М. МухIамадгIалиевас суал кьуна гьел кагътал жамагIатазда гьоркьор лъурал бакIал ругищан, цониги чияс лъунин жаваб кьечIо.

Ахиралда къабул гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун хIукмуги.

### СУФДялъулги налогалъулги асирал

Цебехун рехсараб суал гьоркьоб лъун лъугIун хадуб, данделъиялда гIахьаллъаразда цере жиде-жидер гIуцIабазда хIалтIи лъикI гIуцIизе квалквалал кколел хIужабиги рехсон кIалъана Россиялъул казначействоялъул райотделениялъул нухмалъулев АхIмад Мансуров, районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIумардибиров, Гумбеталда бугеб ОПФРалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Зубаир ГIабидов. Гьез рехсана гIемерисел бухгалтеразда СУФД программаялда рекъон хIалтIун бажарулеб гьечIолъи, маданиялъул хIалтIуда, гьез отчетал кьеялда хадуб росабазул бегавулаз хьаравуллъи кквей къадараб букIин, предпринимателаз пенсионнияб фондалде гIарац кьолеб гьечIолъи ва миллионал гъурщал гьезда тIад налъуда рукIин ва гIемерал цогидалги гIунгутIаби.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ПО ПРАВУ ПАМЯТИ

# Магомед Абасил

**После тяжелой болезни 19 октября 2014 года на 82-м году жизни скончался известный аварский писатель, народный поэт Дагестана Магомед Абасович Абасов, известный читателям под псевдонимом Магомед Абасил.**

Магомед Абасов родился 25 декабря 1932 года в селении Тлайлух Хунзахского района Дагестанской АССР. Окончил Литературный институт им. А.М. Горького в Москве. Работал учителем в высокогорных районах республики, редактором аварской редакции Дагестанского книжного издательства. В последние годы жил в родном селении Тлайлух, где создал в собственном доме литературный музей.

М. Абасов начал печататься в 1959 году в республиканской периодической печати (газета «Красное знамя», альманах «Дружба»), а с 1961 года – в дагестанских издательствах, в коллективных сборниках молодых аварских поэтов «Молодые голоса», «Говор ручьев».

Первая книга стихов М. Абасова на аварском языке «Подснежник» увидела свет в 1965 году в Дагестанском книжном издательстве. В последующие годы в том же издательстве вышли сборники его стихов и поэм: «Ночная лампада» (1966), «Орел на скале» (1968), «Морская волна» (1971), «Горы над облаками» (1973), «В горах» (1975), «Череда» (1978), «Капельки» (1981), «Стихи и поэмы» (1982), «На крыльях ласточки» (1985).



Магомед Абасил – автор нескольких сборников стихов для детей, посвященных природе родного края, изданных в Дагучпедгизе: «Лесные сказки» (1972), «Лесные мелодии» (1974), «Пламенные сердца» (1978), «Лесные тайны» (1983). Его перу принадлежат трагедии «Махмуд из Кахаб-росо» и «Камалил Башир». Драматические произведения писателя вошли в книгу «Легенды о любви» (Дагкнигоиздат, 1988). В Москве издана книга его стихов «Орлиное перо» (Современник, 1985). В 2004 году в Дагестанском книжном издательстве вышла книга избранных произведений поэта на аварском языке.

В 1974 году за трагедию «Махмуд из Кахабросо», поставленную на сцене Аварского музыкально-драматического театра, М. Абасов был удостоен республиканской премии ДАССР им. Г. Цадасы. Он также являлся лауреатом общественной литературной премии им. Махмуда из Кахабросо.

М. Абасов являлся членом Союза писателей СССР, членом правления Союза писателей Республики Дагестан.

За большие заслуги перед республикой и дагестанской литературой М. Абасову присвоены почетные звания «Народный поэт Дагестана» и «Заслуженный деятель искусств ДАССР».

Магомед Абасович Абасов навсегда останется в памяти народа Дагестана как замечательный, чуткий человек и выдающийся поэт.

**Р.Г. Абдулатипов, Х.И. Шихсаидов, А.М. Гамидов, Р.М. Алиев, Ю.А. Левицкий, А.Ш. Карибов, С.С. Ахмедов, С.Б. Исаков, Р.Д. Джафаров, Г.И. Идрисов, М.И. Исаев, А.В. Сибеков, Ш.И. Шарипов, З.А. Бутаева, М.А. Ахмедов, С.К. Юсупов**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

## ГІабасил МухІамад, хІикматаб дур хатІ ХутІила гІасрабаз магІарулалгун

Хасало гъавурав ГІабасиласе
Хасалихъе гъутІбуз тІанхал щущана.
ТІогьилаб юргъан бан, шагІирасул хоб
ТІабигІаталъ жакъа тІупулеб буго.

Панаяб магІарул мацІалъул кІалгІа
МагІид босун буго жакъа ЛъагІилухъ.
ГІабасил васасул машгъураб гъасда
Пашманлъиялъул цІа парпалеб буго.

Пагьмуги, гьунарги, рухІияб ирсги
РахІматлъун чвахула халкъалъухъе дур.
ГІабасил МухІамад, хІикматаб дур хатІ
ХутІила гІасрабаз магІарулалгун.

**ГІизудинил ХІамзат**

ЗИГАРА

Информациялъулаб «Гумбет» гІуцІиялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, Дагъистаналъул халкъияв шагІир ГІабасил МухІамад къадаралде щвеялда бан, гьесул гІага-божаразда, ЛъагІилухъ росдал ва Хунзахъ районалъул жамагІатазда, Дагъистаналъул хъвадарухъабазда ва киналгІаги унго-унгояб рагІул ва творчествоялъул къимат бичІчІулелщиназда. Аллагьас гьесие ахират лъикІаб кьун батаги, нахъе рузе гІумруги кьеги. Амин.

**Информациялъулаб «Гумбет» гІуцІи**



КОНКУРС

## Объявление о приеме документов для участия в конкурсе на замещение вакантной должности бухгалтера муниципального казенного образовательного учреждения муниципального района «Гумбетовский район»

**Администрация МР «Гумбетовский район» проводит конкурс на замещение вакантной должности бухгалтера муниципального казенного образовательного учреждения муниципального района «Гумбетовский район»:**

**- бухгалтера МКОУ «Чиркатинская средняя общеобразовательная школа», с. Чирката**

Квалификационные требования:

- уровень профессионального образования - наличие высшего, среднего специального или незаконченного высшего и среднего специального экономического образования.;

-стаж работы - предпочтительно определенный стаж работы, но не обязательно;

-знание:

- Конституции Российской Федерации, федеральных законов и иных нормативных правовых актов Российской Федерации, Конституции Республики Дагестан, законов Республики Дагестан и иных нормативных правовых актов Республики Дагестан, Устава муниципального района и иных нормативных правовых актов муниципального образования, соответствующих направлениям деятельности органа местного самоуправления, применительно к исполнению должностных обязанностей работника;

- Бюджетного кодекса Российской Федерации;

- Федерального закона о бухгалтерском учете;

- знание бюджетной классификации;

- технологий ведения бухгалтерской, экономической работы;

- владение компьютерной и другой оргтехникой;

- знание трудового законодательства;

- знание правил и норм охраны труда, техники безопасности, противопожарной безопасности.

Для участия в конкурсе представляются:

личное заявление;

собственноручно заполненная и подписанная анкета;

копия паспорта;

документы, подтверждающие необходимое профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (копия трудовой книжки или иных документов, подтверждающих трудовую (служебную) деятельность гражданина;

копии документов о профессиональном образовании, а также, по желанию гражданина - о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, заверенные нотариально или кадровыми службами по месту работы (службы);

документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на гражданскую службу или ее прохождению;

по две фотографии 3,5 х 4,5 и 4 х 6, выполненные на матовой бумаге в цветном изображении, без уголка.

Конкурс проводится в 10 часов 24 ноября 2014 г.

Начало приема документов для участия в конкурсе в 10 часов 24 октября 2014г., окончание - в 17 часов 19 ноября 2014 г.

Конкурсная комиссия находится по адресу:

368930, Гумбетовский район, село Мехельта , администрация района, телефон: 2-62 -78, факс: 2-62-30, e-mail - **m.o.gumbet@mail.ru**

Дополнительную информацию можно получить по вышеуказанному адресу в кабинете руководителя аппарата администрации района, по тел. 2-62 -78.

С положением о порядке проведения конкурса можно ознакомиться на официальном сайте администрации района – **www.mo-gumbet.ru**

**Администрация МР «Гумбетовский район»**

БетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов телефон: 26-254 Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь Къурмагъиз ХІадисова Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1230 Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьесие халкъалъ къимат кьезелъун.